

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Urang Sunda nu mangrupa salasihiji sélér bangsa Indonésia, mibanda rupa-rupa kabudayaan, salasihijina kasenian. Budaya nu jadi kareueus téh, tangtuna kudu dimumulé tur dimekarkeun sangkan teu kadéséh ku kamajuan téhnologi jeung peradaban anu beuki modérn. Kabudayaan téh mangrupa hasil nyipta manusa, ku kituna kahirupan manusa moal bisa leupas tina kabudayaan nu aya di sabudeureunna. Ieu hal téh saluyu jeung pamadegan Koentjaraningrat (dina Lubis, spk., 2011, kc. 2) nu nétélakeun yén kabudayaan nyaéta sakabéh gagasan jeung karya manusa nu kudu dibiasakeun ku cara diajar, sarta hasil tina sakabéh budi jeung karyana.

Kasenian minangka hasil kréativitas manusa nu tujuanna pikeun nyipta kaéndahan dina kahirupan masarakat. Kasenian tradisional nu tumuwuh tur mekar dina kahirupan masarakat bisa jadi ikon atawa ciri has seni budaya hiji wewengkon. Nilik kana kaayaan kiwari, para rumaja mibanda anggapan yén kasenian tradisional téh kurang ngirut pikeun hirup gaulna sabab dianggap geus tinggaleun jaman. Balukarna kasenian tradisional kurang dipaliré ku masarakat hususna para rumaja. Éta hal nu jadi cukang lantaran kasenian tradisional bisa pareum.

Dina nyanghareupan parobahan jaman, tumuwuh tur mekarna hiji kasenian gumantung para seniman jeung aprésiasi masarakat nu ngarojong kana éta kasenian. Ku kituna, rupa-rupa kasenian nu masih kénéh aya kudu ditarékahan sangkan teu kadéséh ku kamajuan jaman. Masarakat nu mibanda éta seni ngawangun pangajaran seni ngaliwatan paguyuban di masarakat. Di tatar Sunda hususna, kiwari loba paguyuban seni anu tujuanna pikeun miara kasenian Sunda. Kasenian nu dianggap luyu jeung pangajaran seni di masarakat tur has ti wewengkonna, ku masarakat terus dimekarkeun tur dimumulé ku cara ilubiung jeung partisipasi masarakat dina unggal kagiatanna.

Desy Ratnasari, 2017

*UNSUR SEMIOTIK DINA KASENIAN SASAPIAN DI DÉSA CIHIDEUNG KACAMATAN PARONGPONG
KABUPATÉN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL
BUDAYADI KELAS XII SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kasénian Sasapian téh salasahiji kasénian nu masih dipiara tur dimumulé ku masarakat di Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat. Ieu kasénian mimiti diwanohkeun ku para palaku seni di Cihideung dina taun 1942. Sacara étimologi, Kasénian Sasapian asalna tina kecap sapi nu dirarangkénan ku rarangkén sa- jeung -an. Nurutkeun *Kamus Basa Sunda* (Danadibrata, 2009, kc. 610), sapi mangrupa sato ingu anu aya sukuan, gedé gunana pikeun hirup manusa. Kasénian Sasapian di dieu lain mangrupa sapi ingu nu dipintonkeun, tapi jalma anu asup kana rangka sapi badag nu dijieun maké tanduk, ceuli jeung buntut sapi asli. Dumasar kana wangunna, Sasapian téh nyaéta wujud sapi bobodoan nu euweuh sukuan dibulen ku kaén bodas dijieunna tina awi, sedengkeun dumasar kana prak-prakanana cara maénkeunana nyaéta ku manusa bari eundeuk-eundeukkan dibarengan ku nu maén kuda lumping, bebedilan, bebedogan, panakol, lodong jeung bureuleung sarta dipirig ku bedug, bonang, gembréng, goong, kendang jeung tambur. Kasénian Sasapian kaasup seni helaran sabab dipintonkeun ka jalma réa.

Kasénian Sasapian biasa dipintonkeun dina acara ngaruat, acara Agustusan, sarta acara hajatan saupama aya nu ngondang. Anapon Sasapian téh mangrupa kasénian anu mibanda fungsi pikeun hiburan, tapi dina Kasénian Sasapian mibanda unsur magis nu kawengku dina prak-prakan kagiatanana saperti kudu aya sasajén, ngembat heula karuhun nu ahli Sasapian, sarta rangka Sasapian jeung sasajénna diteundeun di kuburan. Tangtuna éta hal mibanda ma'na nu kudu disurahan jeung dipikanyaho leuwih jero.

Sanajan loba masarakat nu ilubiung dina Kasénian Sasapian, tapi masih kénéh loba nu teu apal jeung teu maham kana ma'na anu nyangkaruk dina éta kasénian. Perluna diayakeun kajian ngeunaan tanda sabab di dieu aya simbol pikeun mikawanoh kana éta ma'na nu nyangkaruk dina prak-prakan kasénian. Ku kituna, masarakat biasana nyiptakeun aturan ngaliwatan simbol atawa tanda. Ieu hal luyu jeung pamadegan Sobur (2013, kc. 15) nu nétélakeun yén semiotik nyaéta élmu atawa métode nganalisis pikeun maluruh ngeunaan tanda. Tanda nu aya dina Kasénian Sasapian bisa dipaluruh tina sagala aspék saperti prak-prakan dina Kasénian Sasapian, papakéan, pakakas nu digunakeun jeung sagala hal nu aya patalina jeung éta kasénian. Sangkan masarakat leuwih ngarti tur maham kana

simbol nu aya dina Kasenian Sasapian, ulikan ngeunaan Kasenian Sasapian henteu ngan saukur nétélakeun prak-prakan mintonkeunana tapi kudu nataan ma'na nu aya patalina jeung éta kasenian ngaliwatan ulikan semiotik.

Ku cara nganalisis unsur semiotikna, bakal kapaluruh ma'na nu patali jeung masalah simbol atawa tanda nu aya dina Kasenian Sasapian sarta masarakat bisa leuwih wanoh kana kasenian nu aya di wewengkonna. Salian ti éta, hasil tina ieu panalungtikan téh dipiharep bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca artikel budaya di kelas XII SMA. Artikel ngeunaan Kasenian Sasapian téh dipiharep bisa jadi salasahiji bahan bacaan nu bisa numuwuhkeun karep siswa pikeun ngeuyeuban tur nambahan pangaweruh siswa ngeunaan budaya Sunda, hususna salasahiji kasenian Sunda.

Panalungtikan nu medar ngeunaan simbol-simbol nu aya patali jeung eusi diantaranya: (1) “Unsur Sémiotik dina Kasenian Bangkong Réang di Kampung Cijaura Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA” ku Nadia Fitri Wulansari taun 2014, (2) “Simbol-simbol Kasenian Goong Rénténg di Désa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Maca Kelas XII (Ulikan Sémiotik)” ku Usep Nandang taun 2013, jeung (3) “Kasenian Bring-brung di Kalurahan Ledeng Kacamatan Cidadap Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Ulikan Struktural-Sémiotik)” ku Dwi Komarasari taun 2013. Saméméhna aya ogé panalungtikan nu nalungtik ngeunaan Kasenian Sasapian dina skripsi Jurusan Pendidikan Seni Musik nu judulna “Kesenian Sasapian pada Acara Salamatan Irung-Irung di Cihideung Parongpong Kabupaten Bandung Barat” ku Rizki Rinaldi taun 2015 nu medar prak-prakan ngaruat irung-irung sarta hal-hal nu patali jeung musik dina Kasenian Sasapian ngawengku fungsi jeung komposisi musik dina Kasenian Sasapian.

Judul-judul panalungtikan di luhur ulikanana mangrupa pedaran semiotik, nu nalungtik unsur semiotik nu aya patalina jeung adat kabiasaan di masarakat. Anapon kungsi aya panalungtikan ngeunaan Kasenian Sasapian, tapi ulikan nu dipedarna béda pisan. Ieu hal nu ngahudangkeun karep pikeun nalungtik Kasenian Sasapian sabab mibanda kaunikan dina mintonkeunana, boh dina pamaén boh objékna. Ku ayana ieu panalungtikan ogé, dipiharep bisa ngalengkepan jeung jadi

bahan bandingan pikeun skripsi nu geus aya sarta salasahiji tarékah pikeun ngariksa, ngamumulé jeung ngajembaran pangaweruh ngeunaan kasenian Sunda hususna Kasenian Sasapian sangkan terus mekar nuturkeun parobahan jaman.

Dumasar kana hal nu geus dipedar saméméhna, ieu panalungtikan nu dijudulan “Unsur Semiotik dina Kasenian Sasapian di Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di Kelas XII SMA” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Kasenian Sasapian bisa ditalungtik ngaliwatan ajén budaya, ajén éstétika, ajén falsafah, ajén moral, ajén struktural, jeung réa-réa deui. Dina ieu panalungtikan, Kasenian Sasapian baris ditalungtik ngagunakeun ulikan semiotik. Perluna nalungtik ngagunakeun ulikan semiotik sangkan bisa maham kana ma’na éta kasenian sacara sagemblengna. Anapon tiori anu geus ilahar nya éta tiori semiotik Peirce, nu nétélakeun aya tilu rupa tanda nya éta (1) ikon, (2) indéks, jeung (3) simbol. Ieu panalungtikan ogé, leuwih museur medar unsur semiotik dina Kasenian Sasapian anu aya di Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat.

Ku kituna, sangkan masalah-masalah dina ieu panalungtikan jéntré, masalah tina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah patalékan ieu di handap.

- 1) Kumaha sajarah Kasenian Sasapian di Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat?
- 2) Kumaha prak-prakan Kasenian Sasapian di Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat?
- 3) Unsur semiotik (ikon, indéks, jeung simbol) naon waé anu aya dina Kasenian Sasapian di Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun pangajaran maca artikel di kelas XII SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh unsur semiotik nu aya dina Kasenian Sasapian, sarta méré pangaweruh ngeunaan Kasenian Sasapian ngaliwatan kagiatan diajar, ogé ngawanohkeun deui sangkan kasenian tradisional téh bisa dipikawanoh ku jalma réa.

1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan mibanda tujuan husus nya éta:

- 1) ngadéskripsikeun sajarah Kasenian Sasapian di Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat;
- 2) ngadéskripsikeun prak-prakan Kasenian Sasapian di Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat;
- 3) ngajelaskeun unsur semiotik (ikon, indéks, jeung simbol) nu aya dina Kasenian Sasapian di Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat;
- 4) nyocogkeun luyu henteuna hasil panalungtikan dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca artikel budaya di kelas XII SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep mibanda mangpaat pikeun ngeuyeuban jeung ngajembaran pangaweruh ngeunaan rupa-rupa kasenian Sunda sarta simbol-simbol nu dipedar bisa dijadikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di kelas XII SMA. Lian ti éta, ogé pikeun pangdeudeul dina ngajembaran pangaweruh kasenian Sunda, boh pikeun nu nalungtik boh pikeun masarakat.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaat praktis nu bisa dihontal pikeun panulis ogé masarakat di antarana, pikeun:

- 1) panalungtik, bisa mikanyaho unsur semiotik nu aya dina Kasenian Sasapian di Désa Cihideug Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat.
- 2) pamaréntah, hususna Dinas Pariwisata jeung Kabudayaan Kabupatén Bandung Barat, bisa méré arahan pikeun kawijakan dina mekarkeun kasenian tradisional nu geus jadi ikon Bandung Barat.
- 3) masarakat, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan Kasenian Sasapian di Désa Cihideug Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat sarta bisa nanjeurkeun kasenian Sunda.
- 4) nu maca, bisa wanoh kana ma'na nu patali jeung unsur semiotik dina kasenian Sunda di Désa Cihideug Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat.
- 5) guru, bisa ngamangpaatkeun salaku pangdeudeul pangajaran kasenian jeung budaya Sunda di sakola.
- 6) siswa, bisa nambahan pangaweruh jeung wawasan siswa kana kasenian Sunda, hususna Kasenian Sasapian di Kabupatén Bandung Barat.
- 7) sakabéh pihak, bisa méré informasi ngeunaan Kasenian Sasapian ka lembaga-lembaga, boh formal boh informal pikeun salasahiji bahan ngawanohkeun kasenian Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Sanggeus data dianalisis, tahap ahir dina ieu panalungtikan nyaéta nyusun laporan dina wangun skripsi. Anapon raraga tulisan tina ieu panalungtikan ngawengku:

BAB I Bubuka

Dina ieu bab medar kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan Pustaka

Dina ieu bab medar tiori-tiori ngeunaan kabudayaan, Kasenian Sasapian, semiotik jeung bahan pangajaran. Ieu bab eusina mangrupa tatapakan tiori nu dipaké dina ngalaksanakeun panalungtikan.

Desy Ratnasari, 2017

*UNSUR SEMIOTIK DINA KASENIAN SASAPIAN DI DÉSA CIHIDEUNG KACAMATAN PARONGPONG
KABUPATÉN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL
BUDAYADI KELAS XII SMA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

BAB III Méthode Panalungtikan

Dina ieu bab medar desain panalungtikan, sumber data jeung lokasi panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data. Ieu bab eusina mangrupa prosedur pikeun ngumpulkeun jeung ngolah data dina ngalaksanakeun panalungtikan.

BAB IV Hasil jeung Pedaran

Dina ieu bab medar ngeunaan hasil analisis data jeung pedaran hasil panalungtikan nu medar ngeunaan sajarah, prak-prakan jeung analisis semiotik dina Kasenian Sasapian di Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat sarta implikasi dina bahan pangajaran maca.

BAB V Kacindekan jeung Rékoméndasi

Dina ieu bab eusina ngawengku kacindekan tina panalungtikan jeung rékoméndasi ti panalungtik ngeunaan hal-hal anu aya patalina jeung salila lumangsungna panalungtikan sarta pikeun lajuning laku kana ieu panalungtikan.